Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE PWOJÈ REYABILITASYON INTERSTATE 787 NAN ALBANY FIN

Gwo reyabilitasyon rout ak pon fini anvan wikenn Labor Day a

Jodi-a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse ke pwojè 30 milyon dola pou rekonstwi pati sid Interstate 787 lan, ant Route 9W (McCarty Avenue) ak Route 5 tou pre egzit 3B (Madison Avenue), nan Albany fini nèt. Pandan ke ap kontinye gen reparasyon nan poto pon yo ak penti pon an jouk rive nan mwa septanm, pap gen ankenn pwoblèm blokis.

“Enfrastriki tranpò nou se san ekonomi nou an e li enpòtan pou li rete an bon eta epi pou li kapab reponn a bezwen jenerasyon Nouyòkè kounye yo ak sa k’ap vini-an,” **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Rout sa-a se yon branch enpòtan nan sistèm transpò-a pou plizyè milye rezidans Rejyon Kapital la. Anplis, pwojè-a fini anvan Labor Day, sa vle di chofè yo pral kapab pwofite vwayaje an sekirite epi pi byen pandan wikenn fèt la epi apre.”

Pwojè-a kòmanse an 2013; li kouvri rekonstriksyon atè an beton ak reyabilitasyon sis pon. Pami travay ki te gen pou fèt yo te genyen reparasyon teras, ranplase jwenti ak bering epi fè divès lò reparasyon beton ak asye nan pon ki pote I-787 sou Route 32, rive sou ranp ki kònekte seksyon wèst otorout la, pati nò ak sid Route 5, epi pati nò ak sid Route 32 ak Broadway.

Komisyonè Depatman Transpò Eta Nouyòk Matthew J. Driscoll te deklare: “Pòsyon sid Interstate 787 la se yon pyès santral nan enfrastrikti Rejyon Kapital la ak Eta-a paske li konekte anba lavil Albany ak otorout la epi ak Interstate 90, li desèvi plizyè dizèn milye pasaje, vwayajè k’ap fè rout long epi chofè k’ap pote machandiz chak jou. Nan kad inisyativ ‘Chofè Anvan’ Gouvènè Cuomo a, nou travay di pou redwi enpak konstriksyon-an ka gen sou trafik pandan n’ap konstwi yon otorout pi efikas ki gen plis sekirite.”

Nan kad pwojè-a, yo te ranplase pano ki sou rout yo, parapè ak tras sou rout yo. Te gen nouvo strikti drenaj ki te enstale.

Senatè Neil Breslin te deklare: “Envesti nan enfrastrikti rejyon an enpòtan anpil pou ekonomi nou an rete byen. Interstate 787 se yon rout enpòtan pou Rejyon Kapital la. Avèk amelyorasyon rout sa yo ki fini kounye-a, rezidan ak pasaje pral kapab rive kote

yo prale an sekirite epi yon jan ki pi fyab.”

Manb Asanble John T. McDonald III te deklare: “I 787 se yon pasaj enpòtan pou rantre epi soti nan kapital la; yon pasaj kote moun pase anpil epi ki te bezwen reparasyon ak mizanivo anpil. Mwen apresye ke pwojè sa-a fini. Ankò yon fwa, nou te antreprann travay sa-a epi fini li san nou pat vreman entèronp kapasite vwayaje piblik la; e sa demontre gwosè travay NYSDOT ak Gouvènè Cuomo fè. Anpli, piblik k’ap vwayaje a te yon patnè enpòtan; e mwen paka tann pou nou fè plis travay nan tout Rejyon Kapital la paske bezwen yo anpil epi nou mete resous anplas pou ratrave tout lanne kote yo pat envesti.”

Manb Asanble Patricia Fahy te deklare: “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li rekonèt enpòtans pou nou envesti nan enfrastrikti nou. Interstate 787 se yon pati enpòtan nan rezo transpò Rejyon Kapital la, e pwojè sa-a ki fini-an pral amelyore kondisyon vwayaj chofè yo panda l’ap bay kominote ak ekonomi nou yo jarèt.”

Daniel P. McCoy, ki se yon Ofisyèl nan County-an, te deklare: “Mwen vle felisite Depatman Transpò a paske li kontinye mete rout nan Alabany anivo epi reyabilite yo. Pwojè nou bezwen yo enpòtan anpil pou ede ekonomi nou grandi epi bay aksè ki gen sekirite nan vil la ak sou otorout lan.”

Majistra Albany-an Kathy M. Sheehan te deklare: “Travay sa-a ki fini sou 787 lan se yon devlòpman tout moun k’ap sèvi ak rout enpòtan sa-a akeyi. Rout la ap mennen moun vini epi ede yo soti nan kapital la byen rapid epi an sekirite, epi l’ap konekte Rejyon Kapital la ak ekonomi lokal la. Mèsi Gouvènè Cuomo, Komisyonè Driscoll epi Depatman Transpò dèske nou envesti nan bèl vil nou an epi dèske nou reyalize kalite pwojè sa-a.”

Swiv New York State DOT sou Twitter: @NYSDOT. Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT. Pou resevwa twit ki soti nan New York State DOT Region 1 (ki kouvri rejyon kapital la), suiv @NYSDOTAlbany.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418